

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina kahirupan sapopoé, hiji jalma ngayakeun campur gaul jeung jalma séjén perlu sarana komunikasi. Tingkah laku komunikasi unggal jalma umumna diéksprésikeun ngaliwatan ungkara kalimah anu ditepikeunana, boh sacara lisan boh sacara tinulis. Kalimah anu dikedalkeun téh rupa-rupa. Nya wangunna nya adeganana.

Enggoning milah-milah conto kalimah, antara kalimah lisan jeung kalimah tinulis, bisa dititénan ngaliwatan sababaraha média. Conto kalimah anu sipatna lisan bisa dititénan dina acara heureuy *Cangéhgar*, *Sandiwara Radio Si Kundang*, acara *Borangan* (ngabodor sorangan) di salah sahiji acara télévisi swasta, paguneman di lingkungan pasar, pagundeman di lingkungan terminal jeung sajabana. Ari sumber kalimah tinulis, komo, kawilang loba pisan piliheunana. Bisa mangrupa tulisan dina média cetak, tulisan dina wangun non fiksi, tulisan dina wangun fiksi (karya sastra) jeung réa-réa deui.

Wangun tulisan non fiksi di antarana baé bisa mangrupa artikel, naskah warta, biografi atawa naskah biantara. Ari wangun tulisan fiksi atawa karya sastra di antarana baé carpon, novel, dongéng, sajak, pupujian, wawacan, guguritan jeung sisindiran.

Sisindiran nyampak dina kahirupan masarakat Sunda. Boh sisindiran dina wanda lalaguan boh sisindiran anu geus dibukukeun. Gelarna sisindiran dina wanda lalaguan bisa disebutkeun komunikatif jeung masarakat Sunda. Maksudna, lain ngan saukur wirahma lagu jeung dang-ding-dungna waditra pamirig wungkul anu komunikatif téh, tapi ogé kekecapan anu aya dina ungkara kalimahna dianggap bisa ngawakilan pikeun nepikeun hiji pamaksudan. Lebah dieu komunikatif téh. Misalna ungkara sisindiran anu nyampak dina salah sahiji rumpaka lagu saperti ieu di handap:

Bubuy bulan
Bubuy bulan sanggray béntang
Panon poé
Panon poé disasaté
Unggal bulan, unggal bulan
Unggal bulan abdi téang
Unggal poé, unggal poé ogé hadé
http://lirik.kapanlagi.com/artis/jawa_barat%252Fsunda/bubuy_bulan

Kitu deui ungkara kalimah dina wangun sisindiran nu geus dibukukeun. Éta sisindiran téh bisa dipikaharti ku masarakat Sunda sok sanajan kalimah-kalimahna dipidangkeun dina wangun kauger. Kalimah-kalimah anu digunakeun dina sisindiran mah matok kana palanggeran. Misalna baé matok jumlah padalisananana, matok jumlah engangna, murwakanti, tur matok kana aturan ayana cangkang jeung eusi. Unsur sindir anu dibalibirkeun dina cangkang satuluyna dipurak hartina dina bagian eusi.

Sangkan éta sisindiran téh bisa komunikatif, perlu aya hiji ulikan ngeunaan kalimah dina sisindiran, ngulik wangun kalimahna, pola-pola kalimahna, tur maham kana eusina. Hal ieu ngandung maksud sangkan sisindiran téh bisa gancang komunikatif téa.

Sajalan jeung kamekaran pajamanan, kalimah-kalimah anu nyampak dina sisindiran ogé beuki dieu beuki variatif. Ku kituna, ulikan jeung panalungtikan ngeunaan kalimah dina sisindiran bakal jadi hiji panalungtikan anu mantak pikatajieun. Sabab, salila ieu, déskripsi hasil panalungtikan adegan kalimah tinulis ngaliwatan média karya sastra wangun ugeran mah kaitung masih kénéh jarang.

Panalungtikan ngeunaan sisindiran tacan kaitung loba. Boh tina jihat eusina, budayana, jihat métodelogi pangajaranana, jeung tina jihat adegan kalimahna. Panalungtikan ngeunaan sisindiran tina jihat métode pangajaran nu kungsi dilaksanakeun di antarana waé: “Éféktivitas Téknik *Jigsaw* dina Ngaronjatkeun Kamapuh Nulis Sisindiran Siswa Kelas VIII SMP Bakti Bangsa Bandung Taun Pelajaran 2009/2010” dina skripsina Akmaliah (2009), “Éféktivitas Modél Pangajaran Tématik dina Pangajaran Nulis Sisindiran Wangun Paparikan jeung Rarakitan (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas 8 C SMP Pasundan 6 Taun Ajaran 2009/20019)” dina skripsina Kusuma (2009), “Modél

Hena Sumarni, 2016

**KALIMAH DINA SISINDIRAN JEUNG WAWANGSALAN ANYAR KARYA D ÉDY WIND YAGIRI
(ULIKAN STRUKTUR JEUNG SEMANTIK)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Quantum Teaching dina Nulis Rarakitan Siswa Kelas VIII – 12 SMP Negeri 9 Kota Bandung Taun Ajaran 2013/2014” dina skripsina Ema Rahmawati (2013), “*Média Puzzle* dina Pangajaran Nulis (Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas 8 H SMP Negeri 5 Kota Bandung Taun Ajaran 2013/2014” dina skripsina Putri Sri Jayanti (2014), jeung “Modél Pangajaran *Concept Sectence* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sisindiran” dina skripsina Ai Rohati (2014), “Analisis Sastra Lisan ‘Sisindiran’ dalam Tradisi Sunda Menggunakan Pendekatan Strukturalisme Dinamik; Implikasinya Terhadap Pembelajaran Muatan Lokal” proposal skripsi Muzzamilah Zamil (2011) Universitas Islam Negeri Syarif Hidayatulloh Jakarta.

Ari panalungtikan ngeunaan adegan kalimah basa Sunda sacara formal kungsi dilaksanakeun di antarana waé: “Adegan Kalimah Pananya dina Novel *Lain Éta* Karangan Moh. Ambri” dina skripsina Tejaningrum (2002), “Adegan Kalimah Érgatif jeung Anti-Pasif dina Kumpulan Carpon *Kanagan* dina skripsina Asep Fajar Anshari (2004), “Adegan Kalimah Langsung dina Novel *Nganteurkeun* Karangan Usep Romli HM” dina skripsina Yuniarti (2007), “Adegan Kalimah Salancar dina Carita Pantun *Lutung Leutik* pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMA” dina skripsina Fanny Novianti (2009), jeung “Adegan Kalimah Panyeluk dina Novel *Si Lamsijan Kaédanan* Karangan Ki Umbara pikeun Bahan Pangajaran di SMP” dina skripsina Anggari Ramdiani Rahayu (2010).

Dina wangun tésis, panalungtikan formal ngeunaan adegan kalimah basa Sunda nu kungsi dilaksanakeun di antarana waé: “Kalimah Transformasi Basa Sunda dina Média Cetak Patalina jeung Adegan Batin katut Adegan Lahir” tésisna Temmy Widyastuti (2011). Éta panalungtikan medar ngeunaan adegan kalimah transformasi, unsur pangwangunna tur hubungan adegan batin jeung adegan lahirna. Data kalimahn nu dipakéna mangrupa data kalimah tina média cetak. Panalungtikan satuluyna “Wangun Sirnaan dina Kalimah Basa Sunda Lisan di Pasar Padayungan Kota Tasikmalaya (Tilikan Tata Basa Transformasi)” dina tésisna Ai Paridah (2014). Ieu panalungtikan medar perkara transformasi kalimah dina basa lisan. Sumber datana mangrupa paguneman masarakat di Pasar Padayungan Tasikmalaya. Panalungtikan ngeunaan “Wangun jeung Hubungan

Semantis antar Klausa Kalimah Ngantét dina Rumpaka Kawih Sunda” dilaksanakeun ku Jajat (2012) dina tésisna. Panalungtikan ieu medar perkara kalimah ngantét, adegan kalimah ngantét, jeung hubungan antarklausa dina kalimah ngantét. Sumber datana mangrupa rumpaka kawih Sunda. Ngeunaan “Adegan Kalimah Basa Sunda dina Tarjamahan Qur’an Analisis Struktur jeung Semantik” dilaksanakeun ku Imas Rohilah (2012) dina tésisna. Dina ieu panalungtikan dipedar ngeunaan rupa-rupa kalimah nu aya dina tarjamahan Qur’an. Ari panalungtikan ngeunaan “Kalimah Basa Sunda dina Téks Prosa Sunda Buhun Abad ka-16 (Ulukan Struktur jeung Semantik) dilaksanakeun ku Ilham Nurwansah (2015) dina tésisna. Dina ieu panalungtikan dipedar rupa-rupa kalimah anu kapanggih dina téks prosa Sunda buhun. Data anu digunakeun nyaéta kalimah-kalimah anu aya dina naskah *Carita Parahyangan*.

Dina disertasi, panalungtikan ngeunaan frasa kungsi dilaksanakeun ku Gungun Gunardi (2010) kalayan judul “*Referensi dan Inferensi Dalam Wawangsalan Bahasa Sunda: Kajian Struktur dan Semantik*.” Ieu panalungtikan ngulik ngeunaan wawangsalan. Fokus panalungtikanana ngeunaan unsur frasa anu jadi pangdeudeul kalimah dina wawangsalan.

Sajumlahing panalungtikan ngeunaan adegan kalimah basa Sunda nu geus aya museurkeun paniténa kana kalimah-kalimah dina karya sastra wangun lancar. Ari ulikan formal dina wangun tésis ngeunaan adegan kalimah dina sisindiran mah tacan kungsi dilaksanakeun.

Sisindiran miboga peran penting pikeun ngeuyeuban *hasanah* kasusastraan Sunda. Lian ti jihat sastrana, sisindiran ogé miboga ciri-ciri anu has tina segi basana, kalimahna, jeung adegan kalimahna. Ku lantaran kitu, panalungtikan nu judulna “Kalimah dina *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar* Karya Dédy Windyagiri (Ulukan Struktur jeung Semantik)” ieu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Sisindiran miboga rupa-rupa aspék anu bisa dipaluruh. Boh tina jihat kabasaanana, kasusastraanana boh budayana. Lian ti éta, sisindiran ogé leubeut ku

ajén-inajén jeung filosofi kahirupan. Pikeun kaperluan ieu panalungtikan, ulikan ngeunaan sisindiran diwatesan kana ngulik jihat kabasaanana, anu ngawengku: wangun kalimah, adegan kalimah, pola kalimah jeung patali semantik antarklausana.

Dumasar kana watesan masalah di luhur, pasualan anu baris ditalungtik téh dirumuskeun dina sawatara patalékan saperti ieu di handap:

- a. Kalimah naon anu aya dina *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar* karya Dédy Windyagiri?
- b. Wangun kalimah naon anu aya dina *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar* karya Dédy Windyagiri?
- c. Kumaha adegan kalimah anu aya dina *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar* karya Dédy Windyagiri?
- d. Kumaha hubungan semantik anu aya dina *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar* karya Dédy Windyagiri?
- e. Kumaha kahasan kalimah anu aya dina *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar* karya Dédy Windyagiri?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung masalah anu baris dipedar, ieu panalungtikan miboga tujuan anu hayang dihontal, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

Sacara umum ieu panalungtikan mibanda tujuan pikeun maluruh sarta ngadéskripsikeun struktur jeung hubungan semantik antarklausa anu nyampak dina *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar*.

Ari sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh jeung ngadéskripsikeun:

- a. kalimah anu aya dina *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar* karya Dédy Windyagiri;
- b. wangun kalimah anu aya dina *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar* karya Dédy Windyagiri;
- c. adegan kalimah anu aya dina *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar* karya Dédy Windyagiri;

- d. hubungan semantik antarklausa anu aya dina *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar* karya Dédy Windyagiri, jeung
- e. kahasan kalimah anu aya dina *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar* karya Dédy Windyagiri.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan di antarana mangpaat nu sipatna tioritis jeung nu sipatna praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis ieu panalungtikan nyaéta sangkan bisa méré sumbangan , ngawewegan, sarta aplikasi perkara élmu wangun kalimah, adegan kalimah, pola kalimah jeung peran semantis antarklausa dina *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar* .

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat praktis hususna pikeun nu nalungtik, guru, siswa, jeung masarakat.

a. Pikeun nu nalungtik

Ku ayana ieu panalungtikan, panalungtik bisa mikanyaho leuwih jero turta teleb wangun jeung adegan kalimah sarta hubungan *ma'na* antarkalimah dina *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar*.

b. Pikeun Guru

Ngaliwatan ieu panalungtikan, guru bisa nambahan pangaweruhna jeung pangalaman dina mekarkeun bahan ajar basa Sunda di sakola ku cara ngagunakeun sisindiran jeung wawangsalan jadi bahan pangajaran.

c. Pikeun Siswa

Hasil tina ieu panalungtikan bisa jadi média keur siswa dina numuwuhkeun karesep tur karepna kana diajar sisindiran jeung wawangsalan.

Lian ti éta, ku ayana ieu panalungtikan dipiharep siswa bisa neuleuman ma'na nu nyangkaruk dina sisindiran jeung wawangsalan nepi ka ahirna bisa ngarobah karakter siswa, ngalemesan budi jeung ngalempeng akal pikiranana.

d. Pikeun Masarakat

Hasil panalungtikan ieu dipiharep bisa numuwuhkeun karep jeung karesep, karep jeung motivasi masarakat nu satuluyna keyeng paniatanana pikeun ngamumulé basa, seni jeung tradisi banda budaya karuhunna dina campur gaul jeung budaya moderén.

1.5 Rangky Tulisan

Hasil dina ieu panalungtikan baris dipedar dina lima bab, rangky tulisanana dipidangkeun saperti ieu di handap:

BAB I Bubuka. Dina bagian bubuka didéskrripsikeun hal-hal anu ngawengku: kasang tukang masalah anu ditalungtik, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, sarta mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

BAB II Ulukan Pustaka. Dina bab II didéskrripsikeun sajumlahing tiori ngeunaan kalimah, ciri-ciri kalimah, unsur kalimah, wangun kalimah, sisindiran, panalungtikan saméméhna jeung kalungguhan tioritis anu ngawengku raraga mikir.

BAB III Méhode Panalungtikan. Dina bab III didéskrripsikeun ngeunaan desain panalungtikan (anu ngawengku pamarekan, méhode, jeung skéma panalungtikan), sumber data panalungtikan anu dikumpulkeun dina wangun kartu data (kartu kalimah), sarta téknik analisis data tur léngkah-léngkahna.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Dina bab IV didéskrripsikeun timuan-timuan hasil analisis data panalungtikan sarta pedaran eusi panalungtikan.

BAB V Kacindekan jeung Saran. Dina bab V didéskrripsikeun ngeunaan kacindekan tina panalungtikan sarta saran-saran pikeun panalungtikan satuluyna.